



**E-HANDOUT MATA KULIAH
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

PERTEMUAN KE-9



LAKON “WAHYU PURBA SEJATI”

(Pathet Nem)

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

Keterangan:

- Ada-ada greget saut, *perbawa* angin dengan kayon.
- Gending Sampak, Werkudara cancut, melompat diselingi kayon.
- Gending seseg suasana kayon terus suwuk, Pathetan Manyura Wantah.

POCAPAN

Lah ing kana ta wau, lumepas tindaké sang Séna, segara linumpatan nadyan gunung tinenggel temah dadi rompal kaprapal kaprawasa kang katrajang tindaké sang Séna. Gancangé wus mengker tebih saking kitha Amarta dadya kandheg lampahé labet kasaput ing dalu. Datan winursita denira lerem sang Séna, kocap ing jagad purwa wus katingal sumirat kang cahya markata binarung ayam wana kang sami manyura miwah ocèhing peksi ingkang mracihnani lamun ndungkap gagat rahina.

Sinigeg, datan winuwus kang ndhaweg sumené, ora kaya ingkang wonten ing pasawargan, labet dudu alaming titah madyapada marma datan kaprebawan cahya abra markata ing jagad purwa.

Keterangan:

- Gending Bang-bang wetan.
- Tampil Guru, Naradha, indra dan brama.

- **Gending sirep janturan.**

JANTURAN KAHYANGAN SURALAYA

Nenggih kang anèng Suralaya ya winastan Tejamaya kang kalimrah sinebat Junggirisalaka. Lamun kaetang alaming titah satuhu wonten tri prakawis, kang sinebat; Suralaya, Suradèwi, myang Suranggangkara. Suralaya alaming para déwa. Suradèwi papan praméaning jim, pri prayangan. Déné Suranggangkara papaning para titah madyapada preméaning para manungsa. Winastan Téjamaya karena dadya telengtelenging cahya, marma kèbegan pepadhang nanging dudu prabaning surya, candra myang kartika, satuhu padhang langgeng, awit dayaning retina dumilah kang kawasa hamadhangi Suralaya. Ugi ingaran Junggirikaelasa karena mapan ing pucuking gunung Himawan, kang pucaking harga tansah linimputan ing salju, kalamun kasorot ing Bagaskara kawistingal putih memplak yayah salaka binabar.

Nyata béda lan ing madyapada, kang tansah ginunggung wiyaring jajahan miwah kaluhuraning nata, ing Kahyangan sayekti boya mangkono. Labet ing

Suralaya tan ana panandhang myang suker sakit, tan ana sesambat miwah kasusahan; ingkang ana hamung nikmat mupangat satata netya. Ugi kalis ing gandha kang kuciwa, kang ana among arum-arum hangambar pan yayah rumabaseng durgandana.

Déné kang satata lenggah lah ta punika tetungguling para déwa kang bebisik sang Hyang Jagadnata, ya sang Hyang Hotipati, sang Hyang Trilocana, Siwahbujana, Mayatmiring. Nilakantha, ya sang Hyang Suksma Kawekas. Kang satuhu gedhé pangwasané, katitik bangkit mulat tanpa nétra, angganda tanpa grana, myarsa tanpa karna, miwah bangkit hangrasa tanpa tutuk. Kalacuting kandha nyata tanpa winates pangwasané; marma datan mokal lamun bangkit murba masésani isining triloka, kénging winastan wenang murba tan bangkit kapurba, wenang masésa datan winisésa, mangkono purbaning sang Hyang Jagadnata.

Nalika samana nuju lenggah Balé Marcukundha ing Balé Marakata, kaadhep sanggya déwa watak nawa ingkang tinindhihan jawata ing Sidik Mangudal-udal bebisik sang Hyang Naradha ya sang Resi

Kanékaputra. Kang tuhu dadya sesepuhing para Jawata, labet datan kéwran salwiring rèh saniskara, ugi datan kasamaran saolah kridhaning rat. Déné ingkang marikelu pilenggahé yayah sata matarangan, hanenggih jawata ing Ngéndrabawana bebisik sang Hyang Indra, Bathara Surapati, ya sang Hyang Bathara Sakra. Datan kantun pasébané jawata ing Argadahana bebisik sang Hyang Bathara Brahma. Sinambung ing wuntat para doran dara tuwin widadara-widadari andhèr ngèbegi ing Balé Marakata, sadaya pan tansah hangrangu dhawuhé sang Hyang Jagad Pratingkah, temah wanèh-wanèh pangrasané, tumbuh-tumbuh sotaning driya kang sami anangkil, dupi marengi énggaring ‘galih Sang Hyang Guru, mangkana pangandikané lamun kawijiling lésan.

Keterangan:

- **Gending udhar, suwuk, Pathetan Manyura Ngelik.**

GURU:

Hong wilaheng sekaring bawana langgeng. Kakang Naradha, Kulup Indra lan Brama sampun handadosaken kagyating manah ulun piji mangarsa.

NARADHA:

Kawula nok-non, Wonten dhawuh punapadene paduka nimbali rakanta ing Sidik Mangudal-udal.

INDRA

Inggih rama pukulun sajak wonten prekawis ingkang wigati...?

BRAMA

Rama pukulun suwawi lajeng paring dhawuh.

GURU:

Nadyan rambah-rambah gara-gara ingkang hanempuh kahyangan. Nanging boten kados ing wekdal mangké; ngantos damel goncanging Balé Marakata, kawah Candradimuka yayah kinebur, kados hanjebol-jebola gapura Sélamatangkep. Prekawis menika punapa ingkang murwani gara-gara.

NARADHA:

Aaa..hla dala ... pragenjong-pragenjong waru dhoyong, kak-kak kong kali codhé kali pépé mangétan iliné sapa

sing gawé uwiit cekather ha... ha... ha. Miturut wawasan kula, gara-gara punika tuwuh saking titah pujangkara paduka ing Mandura miwah Dwarawati Kaki Prabu Baladéwa tuwin Kaki Prabu Kresna ingkang sampun kalampahan hadhedhagan ing Astana Gadamadana. Malah anganthi kadang anèmipun nama pun Bratajaya. Awit saking sekuning yogabrata saged nuwuhaken gara-gara ing paswargan. Kawimbunan titah paduka pun Harjuna ingkang kanthi sesidheman ugi tumut adhadhagan ing mriku, mila sayekti mewahi agenging gara-gara.

INDRA:

Inggih Rama pukulun kejawi saking punika, gara-garamenika ugi tuwuh saking dayaning titah paduka ingkang sampun lenggah ing alam antara, boten sanès Rama Regawa, Lesmana Widagda, lan Rekyan Sinta ingkang dèrèng manjing paswargan labet rumaos dèrèng rampung jejibahan ingkang kasangkul. Ing nguni Regawa naté kawiyos pangandikanipun dhateng ingkang rayi pun Sumitratmaja, ngèngeti agenging lelabuhan Lesmana Widagda ingkang tanpa upami

dhateng pun Regawa, satemah samangsa mbénjang ing gesang panitisan sagah leladi ingkang rayi, 'kang sarta hanembah, dadosa srana amales budi dhateng sang Lesmana Widagda. Ngantos ing wekdal punika Regawa, Sinta, myang Lesmana maksih hangentosi kepareng paduka sang Hyang Girinata kawula nok-non.

BRAMA:

Kejawi punika maksih wonten panunglipun, inggih punika Bathara Basuki ingkang kepéngin males budi dhateng turasing sawargi Prabu Basudéwa; labet duk nalika kénging sot paduka pukulun dados taksaka, saged ruwat déning sawargi Prabu Basudéwa. Mila ubayaning Bathara Basuki kepéngin males budi sarana nitis putra ingkang pembayun inggih punika Kaki Prabu Baladéwa; ingkang mekaten sumangga ing kawicaksanan paduka pukulun.

Keterangan : *Ada-ada Srambahan Manyura, laras sléndro patet manyurå.*

GURU:

Menawi nyata mekaten kakang, tumunten katimbalana Regawa, Sinta, myang Lesmana, babarpisan Bathara Basuki, kakang caketaken pasébanipun.

NARADHA:

Sendika ngèstokaken dhawuh; nggèr Bathara Indra, aja talompé timbalana Rama, Sinta, Lesmana, miwah Bathara Basuki, piniji ing ngarsa sang Hyang Gurunata.

INDRA:

Inggih sendika ngèstokaken dhawuh.

Keterangan:

- **Gending Srepeg, Indra dientas.**
- **Tampil Rama, Sinta, Lesmana, Basuki dan Indra.**
- **Gending seseg, suwuk, Ada-ada Srambahan Manyura, dialog.**

GURU:

Aja dadi kagyating tyasira Rama, Sinta, Lesmana, lan kita Bathara Basuki, padha raharja sowanira ing ngarsa ulun.

REGAWA:

Inggih pukulun, awit pangèstu paduka lulus raharja sowan kula; amung sungkeming pangabekti konjuk ing ngarsa paduka pukulun.

SINTA:

Inggih pukulun, kalis rubéda sowan kula ing ngarsa paduka, pangabekti kula mugi konjuk.

LESMANA:

Raharja tanpa sangsaya sowan kula, amung sungkem kula mugi konjuk sahandhap pepada paduka sang Hyang Jagad Pratingkah.

BASUKI:

Sanadyan kula pukulun, kalis ing godha rencana awit pangèstu paduka, muhung pangabekti kula lahir batos mugi konjuk ing canéla paduka.

GURU:

Kabèh wus ulun-tampa pangabektinira, kang sarta padha lungguha kang prayoga jeneng-ulun nedya paring dhawuh. Kang sepisan marang titah ulun

Regawa, Sinta, lan Lesmana. Sayektiné ulun wus boya kekilapan marang gregeting tyasira sakateluné. Ragawa ... prasetyamu bakal kasembadan leladi sarta manambah marang arinta si Lesmana saranané sira sakateluné kudu bali ing madyapada manjing panitisan. Awit kang nalika samana Bathara Wisnu manjanma marang sira kulup kang surasané tetepa dadya srana yuwananing jagad. Mangka sawusé sira kang kasangkul. Bisané woh katentreman kalamun wus ana manunggalé: **purba, wasésa, sejati,luwih** lan kang sinebut **MURTI**. Mungguh wijangé kaya mangkene. **PURBA:** kasarira sira kulup si Regawa, katitik wenang ngendhak angkaraning jagad, nanging durung sampurna. **WASESA:** Prabu Kresna kang andarbé, jer ing mengko Prabu Kresna satuhu dadi sasanané Bathara Wisnu wenang masésa kang sarta amunah angkaraning jagad; utawa manèh tindaking Prabu Kresna ora mikolèhaké sarira priyangga, nagging tetepa memayu hayuning jagad. Mula wenang kalenggahan Wasesa. **SEJATI:** kita kulup ingkang kadunungan tan ana liyan kajaba si Lesmana. Katitik ing nguni nggonira labuh kang raka, kanthi lila legawa, muhung netepi

darmaning satriya kang kudu rumeksa marang kautaman kang sarta jejeging adil; temah datan métung énak kepénaking sarira pribadi, nyawiji antebing tékad nggonira ngrungkebi kautaman. **LUWIH:** muhung Arjuna ingkang handarbèni, awit wiwit Pandhawa maksih timur tansah kasangsaya ing panandhang déning pakartiné si budi candhala kang hambeg siya. Mung beciké kabèh mau linakon kanthi lila lan legawa, katitik nggoné ngagungaké asmané Gusti linambaran tan kendhat ayoga brata, wekasan luwih kdarbé déning Arjuna. **MURTI:** kang wenang nampa gelar MURTI ora liya sang Gunawan Wibisana, karena nadyan dumadiné ana satengahing bebrayan kang kèbegan angkara murka ngumbar hawa, parandéné tansah éling marang panembah jati datan kasrampung ing pepadhang miwah gebyaring kahanan, kang mangkono kena ingaran awas lan éling. Awas marang kang bakal kajangkah, éling lamun titah tau darbé wewenang netepaké sawiji-wiji amung pasrah sumarah marang pangwasa tunggal. Lelima kang wus ulun dhawuhaké iku mau dadiya srana antebing tékadira.

REGAWA:

Pukulun, purwa, madya, myang wasana ingklang sampun paduka dhawuhaken, samendhang boten karempit; ingkang punika cumadhong kepareng paduka pukulun.

GURU:

Awit kang saka iku bisané tumuli hambabar padhang njingglang kang padha sinandhang, sira kulup manjanmoa naréndra ing Dwarawati Prabu Sri Bathara Kresna, déné Lesmana gegandhèngan nuruti prasetyané kadangira si Regawa, pisahna SEJATI lawan wadagira kang WADAT, sejatiné manjing marang Arjuna, déné wadaté manjing marang Prabu Baladéwa. Kang mangkono kena ingaran tetep tumuruning PURBA lan SEJATI tetepa dadi kanugrahaning titah kang bakal netepi jebibahan suci. Déné Sinta murih tetep bisa leladi marang sang guru-laki, manjinga kadang anome Prabu Kresna kang sesilih Dèwi Bratajaya.

BASUKI:

Pukulun, titah paduka cumadhong dhawuh

GURU:

Bathara Basuki dak-parengaké nitis marang Prabu Baladéwa, mimbuhana kasantosaning lahir batiné, cundhuk lawan kang kasedya.

BASUKI:

Ingih pukulun ngèstokaken dhawuh, tumunten nyuwun pangèstu.

GURU:

Kabèh dak-parengaké budhal ulun pangèstoni.

Keterangan:

- **Gending Srepeg, Regawa, Sinta, Lesmana, tuwin Bathara Basuki dientas.**
- **Guru dientas kekanan, Naradha dan Indra dientas kekiri.**
- **Regawa, Sinta, Lesmana dan Basuki salah terus terbang.**
- **Gending seseg suasana kayon, sirep, janturan.**